



Vanessa Rosa, Principal
Leah Murray, Assistant Principal

Public School 169
Bay Terrace School

18-25 212 Street
Bayside, NY 11360-1595
Phone: 718-428-6160
Fax: 718-224-1013

Chè kominote P.S. 169:

Mwa pase a Ekip Lidèchip pedagojik (Instructional Leadership Team) P.S. 169 te gen yon opòtinite pou demare ane 2020 an lè yo fè jounen "Eta lekòl (State of The School)". Pandan jounen nou an, nou te vizite chak salklas nan P.S. 169 avèk konsantrasyon nan domèn priyorite lekòl nou an - "Ankouraje panse kritik atravè bon jan diskisyon" - epi nou te wè ak tandè bagay entèsan. Nou te fè tou gwoup konsantrasyon elèv. Sa te ban nou yon opòtinite pou nou gen bon jan kòmantè nan men elèv yo sou eksperyans akademik, sosyal ak emosyonèl yo isit la nan P.S. 169. Nou rekonesan pou volonte estaf nou an pou ouvri salklas yo ak akèy elèv noy yo ki te fè jounen sa a yon siksè.

Pandan nou toujou ap eseye pwogrese kòm moun k ap aprann, nou te vle pran kèk tan pou selebre plizyè metòd ki pwomèt ki anplas kounye a nan tout salklas nan lekòl nou an. men kèk domèn selebrasyon nou ta renmen onore:

- Elèv yo te angaje nan speaking ak listening kòm yon pati nan chak leson.
- Pwofesè yo devlope travay aprantisaj ki te kreye opòtinite pou elèv angaje nan diskisyon ki ankouraje panse kritik atravè enstriksyon ki mezire ki bati konpreyasyon dabò, apresa ki te avanse pou sipòte elèv lè yo fè enferans.
- Yo te distribye materyèl ki sipòte aktivite langaj oral pou TOUT elèv, tankou elèv k ap aprann lang anglè (English language learners, ELL) ak elèv edikasyon espesyal.

Kòm yon pwochen etap nan kontinye fè bon jan diskisyon nan lekòl nou an, nou pral travay sou kreyasyon pwotokòl ak sistèm pou asire gen konsistans nan domèn nòt ak matyèl pou tout elèv. Paegzanp, aplikasyon siyal pou fè konvèsasyon ansilans nan tout salklas yo. Elèv yo ap itilize siyal ak men sa yo pou kominike sa yo panse lè yo pa p pataje panse yo avèk yon patnè oswa avèk klas la. Siyal sa yo ba yo yon "vwa" moun ka "tandè" ki ogmante angajman yo epi ki pa entèwonp lòt elèv k ap aprann. Anplis, nou revize seri kapasite pou tandè (listening) ak pale (speaking) nou an pou adapte l ak Nòm Nouvèl Jenerasyon an. Seri sa a sipòte pwofesè ak elèv lè li ofri yon konpreyasyon klè atant nan listening ak speaking ki apwopriye onivo devlopman pou chak klas. Nou voye ba w ni siyal ak men pou fè konvèsasyon ansilans lan ni seri listening ak speaking lan pou w gade.

Se te vrèman yon gwo kado pou nou pou opòtinite sa pou wè gwo nivo travay di, pasyon ak angajman ki genyen nan aprantisaj elèv nan lekòl nou an. Nou gen chans anpil pou nou fè pati anviwònman aprantisaj ak onore pou sipòte pwogrè pwofesyonèl k ap kontinye nan kominote lekòl P.S. 169. Mèsi pou chak manm P.S. 169 pou angajman y ap kontinye pran nan pwogrè pwofesyonèl. Si w ta renmen konnen plis sou Instructional Leadership Team lan, pa ezite poze kesyon!

Avèk senserite,

The P.S. 169 Instructional Leadership Team

P.S. 169Q

Bay Terrace School

18-25 212th Street

Bayside, NY 11360718-428-6160